

Mieling Poe Basa Sunda

Bagikan

20 Februari 2010 jam 15:25 | [Sunting Catatan](#) | [Hapus](#)

Dina raraga mieling Poe Basa Sunda (Basa Sunda we nya? apan basa indung urang mah Basa Sunda) sim kuring ngadamel rumpaka lagu tur disanggi ku saderek Ilham N + Kresna (Mahasiswa jurusan sunda UPI. Kahoyong mah eta kawih ngahudang sumanget berbahasa sunda. Sagedengeun ti eta, asa teu acan aya nu nyanggi mars lagu poe basa Indung. Manawi bae ieu kawih tiasa dihaleuangkeun dina unggal mieling poe Basa Sunda.

Atuh enjing dina helaran (konvoy) sareng ngariung di gasibu, sim kuring tos mapadonan para mahasiswa sangkan ngahaleuangkeun ieu kawih. Sanaon teu tiasa ngiring dina dinten Ahad margi aya tugas nagara (hanjakal, hanjakal pisan. What Iam lost a moment!), mung sumanget mah ngiring ngagedur sareng sadayana nu nuju mieling.

Sanggian ieu kawih dina not angka. Ku kituna, para guru sareng praktisi sanesna, utamina nu tiasa waditra, tiasa nyosialisasikeun atanapi ngawanohkeunana ka masarakat rea. Serat kanayagaanana tiasa ditingal dina lampiran. Anapon rumpakana mah ieu d handap.

MUGYA LANA BASA SUNDA

Yu hudang!!!

Hayu nguniang tandang (tandang)

Basa Sunda hirup manjang(manjang)

Mun urang ajeg tangtungan

Nyarita ku basa Sunda

Fesbukan ku basa Sunda

Bercinta ku basa Sunda

Ngadoa ku basa Sunda

Basa Sunda larapkeun dina seni

Basa Sunda larapkeun dina ilmu

Basa Sunda larap na tehnologi

Basa Sunda larapkeun dina hukum

(Pasti bisa!!!)

Basa Sunda larap na ekonomi
Basa Sunda larapkeun na tatamba
Basa Sunda larapkeun na agama
Basa Sunda larap di pamongpraja

(Tangtu bisa!!!)

Basa Sunda hirup di dunya nyata
Basa Sunda hirup di dunya maya
Basa Sunda cacarita
Ba(ha)sa Sunda ngadunya

Nb:

1. Upami aya nu lepat dina lampiran, ngacu kana rumpaka ieu.
2. Naha basana kitu? (aya bercinta sagala? Tos diskusi sareng Pa Dingding Haerudin, ketjur b. Sunda FPBS UPI. Saurna teh, wios tong digentos. Bercinta di dinya dina tataran lega, sanes kulem saresmi, sanes wungkul bobogohan, sanes wungkul resep ka lawan jinis tapi oge cinta ka sepuh, ka sasama, ka sahandapeun, ka guru-guru, jst. Pemaknaan anyar. Supados langkung ekspresif di barudak ngora. Sareng deuih, pami bercinta digentos, febuk ge kedah digentos (buku raray? xaxax) meureun.

Mangga wilujeng ngahaleuang! Wilujeng durang durirang...

MUGYA LANA BASA SUNDA

Rumpaka : Chye Retty Isnéndés
 Sanggian : Ilham N. & Kresna P.
 Serat Kanayagan: Ilham N.

Laras : Pillog
 Surupan: 1=Tugu

Gerakan : Gandang

Intro:

| 0 04 32 3 | 32 12 34 5 |

Lagu:

1 | 0 0 0 2 | 32 0 0 0 |

Yu hudang

| 12 12 15 2 | 32 0 0 02 |

hayu kuni ang tan dang (tandang!) ba

| 32 12 32 3 | 43 0 0 05 |

sa Sun da hi rup man jang (manjang!) mun

| 4 51 23 45 ||

u rang a jeg tangtungan

2 | 0 0 55 5 | 0 54 3 45 |

Nyar! ta ku ba sa Sunda

| 0 0 32 2 | 0 21 51 2 |

fésbu kan ku ba sa Sun da

| 0 0 54 4 | 0 15 43 4 |

berch ta ku ba sa Sun da

| 0 0 32 3 | 0 12 34 5 |

ngadu 'a ku ba sa Sun da

Gerakan : Sedeng

3 | 0 01 54 3 | 32 12 323 3 |

Ba sa Sun da hirupkeun di na se ni

| . 2 13 4 | 15 44 35 4 |

ba sa Sun da hirupkeun di na él mu

| . 5 43 5 | 53 43 45 1 |

ba sa Sun da larap na téh nolo gi

| . 2 15 4 | 21 34 53 4 |

ba sa Sun da larapkeun di na hu kum

kaca 1: Mugya Lana Basa Sunda

	0	$\overline{01}$	$\overline{54}$	3		$\overline{32}$	$\overline{12}$	$\overline{323}$	3	
		ba	sa Sun	da		larap	na é	kono	mi	
	.	$\overline{.2}$	$\overline{13}$	4		$\overline{15}$	$\overline{44}$	$\overline{35}$	4	
		ba	sa Sun	da		larap	dina	tatam	ba	
	.	$\overline{.5}$	$\overline{43}$	5		$\overline{53}$	$\overline{43}$	$\overline{45}$	i	
		ba	sa Sun	da		hirup	di na	aga	ma	
	.	$\overline{.2}$	$\overline{15}$	4		$\overline{21}$	$\overline{34}$	$\overline{53}$	4	
		ba	sa Sun	da		hirup	di pamong pra	ja		
	0	$\overline{01}$	$\overline{54}$	3		$\overline{32}$	$\overline{12}$	$\overline{323}$	3	
		ba	sa Sun	da		hirup	di du	nya nya	ta	
	.	$\overline{.2}$	$\overline{13}$	4		$\overline{15}$	$\overline{44}$	$\overline{35}$	4	
		ba	sa Sun	da		hirup	di du	nya ma	ya	
	.	$\overline{.5}$	$\overline{43}$	5		$\overline{.3}$	$\overline{43}$	$\overline{51}$	2	
		Ba	sa Sun	da		ca	ca	ri	ta	
	$\overline{.4}$	3	2	1		2	3	4	5	
		ba	ha	sa	Sun	da	nga	du	nya	

*) WANGSUL DEUI KA $\overline{1}$

Katerangan urutan lagu: $\overline{1}$ $\overline{2}$ $\overline{3}$ $\overline{1}$

ᮘᮞᮓ ᮘᮞᮓ ᮘᮞᮓ ᮘᮞᮓ ᮘᮞᮓ ᮘᮞᮓ ᮘᮞᮓ

Miéling Poé Basa Indung Internasional
Bumi Siliwangi, 21 Pébruari 2010

kaca 2: Mugya Lana Basa Sunda